

**Doula m nan te ankourajan  
anpil; li te ban m anpil  
enfòmasyon. Li te janti, epi  
m te santi m konfòtab ak an  
sekirite avè l.**

– Kliyan

**Mwen santi m onore ak  
privileye pou m patisipe nan  
yon moman ak yon espas  
sakre konsa.**

– Doula nan NYC

**Mwen te pè anpil paske  
se premye fwa mwen pral  
manman. Mwen te menm pi pè  
paske mwen te gen pou m fè<sup>1</sup>  
sezaryèn. Men doula mwen an  
te ede m anpil...epi li te fè tout  
sa I kapab pou I asire I mwen  
pa estrese tèt mwen twòp  
oswa estrese tibebe a.**

– Kliyan

**Mwen panse youn nan sa k pi  
enpòtan nan travay nou antanke  
doula se sipòte souwè, bezwen  
ak otonomi moun ki ansent ak  
paran tibebe a.**

– Doula nan NYC



**Pou jwenn plis enfòmasyon sou  
Inisyativ gratis Citywide Doula  
Depatman Sante NYC a ak lòt sèvis  
doula pwofesyonèl nan NYC, rele 311,  
ale sou sitwèb [nyc.gov/health/doula](http://nyc.gov/health/doula)  
oswa eskane kòd QR ki anba a.**




Materyèl sa a te rive kreye gras ak kolaborasyon Rezo Amelyorasyon Kalite Lopital Matènèl yo (Maternity Hospital Quality Improvement Network, MHQIN) ak Doula Capacity-Building Workgroup. Pou jwenn plis enfòmasyon sou MHQIN, ale sou [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche "Equity in Maternal Care" (Egalite nan Swen Matènèl).



# Èske ou ansent?

**Ou kapab jwenn  
avantaj pou pran swen  
nan men yon doula**



## Kisa yon doula ye?

Yon doula se yon asistan pwofesyonèl matènèl, ki pran fòmasyon, pou bay oumenm ak fanmi w sipò ki pa medikal ak èd pandan gwosès, tranche ak akouchman epi menm apre akouchman. Yon doula bay yon valè sipò emosyonèl, fizik ak edikasyonèl.

### Pandan gwosès ou, yon doula:

- Ede w prepare ak reyalize plan akouchman ptit ou
- Ede w pou w santi w pare pou fè chwa ki enpòtan pandan tranche a ak akouchman an
- Konekte w ak pwogram ki ka sipòte bezwen w yo

### Pandan tranche ak akouchman an, yon doula:

- Toujou kontinye ba w sipò fizik ak sipò emosyonèl
- Ofri konsèy pou rann tranche a pi agreyab, tankou teknik respirasyon ak teknik detant
- Ankouraje w pou w pale ak estaf lopital la si w gen kesyon oswa enkyetid

### Lè w fin akouche, yon doula:

- Ede w nan koze alètman pou tibebe ki fenk fèt epi li ede w pran swen yo
- Identifye ak fè suivi sou siy avètisman oswa pwoblèm sante ou menm oswa tibebe an genyen
- Ba w sipò sou plizyè fason pou w pran swen tèt ou

## Kisa sipò anliy doula ye?

Sipò anliy doula se tankou sipò fas-a-fas nan plizyè fason. Yon doula bay sipò emosyonèl ak edikasyonèl nan telefòn, mesaj ak videoyo olye fas-a-fas. Pale ak doula ou a pou w konnen si sipò anliy lan ap bon pou ou.

## Kòman yon doula kapab ede w?

Etid yo montre moun ansent ki pran sèvis nan men doula yo:

- Gen mwens chans pou fè yon sezaryèn (seksyon-C)
- Gen mwens chans pou fè yon tibebe premature oswa ki pa gen pwa nòmal pou yon tibebe ki fenk fèt
- Fè mwens tan ak tranche
- Kòmanse bay tete pi bonè epi pandan pi lontan
- Gen pi bon koneksyon ak tibebe a

